

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Pupujian mangrupa salah sahiji wangun karya sastra dina wangun puisi heubeul nu sumebarna sacara lisan. Pupujian masih aya kénéh dina kahirupan masarakat Sunda, utamana masarakat nu aya di lembur saperti pupujian anu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan, masih kénéh dipaké ku masarakatna, sok sanajan teu saramé baheula. Ieu hal bisa katitén atawa dibuktikeun ngaliwatan panalungtikan ngeunaan pupujian di éta Kampung.

Tina hasil panalungtikan bisa dicindekkeun yén pupujian anu kapanggih di Kampung Manis Désa Garawangi Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan aya 48 pupujian. Dina nangtukeun pupujian nu dianalisis dipilih ku cara *sampel bertujuan* (*purposive sample*) nu dianggap bisa ngawakilan tina skabéh pupujian, nu ahirna pupujian nu dianalisis ngan 24 nu judulna nya éta “Laillahillallah”, “Miéling Kana Maot”, “Anak Adam”, “Du’a Sasih Rajab”, “Istighosah”, “Hikmah Solawat”, “Anak Sholéh”, “Yarobbibil Musthofa”, “Robbiyhina Syakirin”, “Aqoid Iman”, “Sifat Wajib, Mohal jeung Wenang di Allah”, “Sifat Wajib, Mohal jeung Wenang di Rasul”. “Nabi nu Wajib Dikanyahokeun”, “Malaikat nu Wajib Dikanyahokeun”, “Kitab Allah”, “Berjamaah Solat”. “Deudeuh Karunya Teuing”, “Du’a Niat Ngaos”, “Du’a Nutup Ngaos”, “Maulud Nabi”, “Hukum Nun Paéh sareng Tanwin”, “Rukun Islam”, “Rukun Iman”, “Rukun Saum”.

Analisis pupujian dumasar kana wangun nya éta jumlah pada pangsaeutikna diwangun ku 2 pada, jeung anu panglobana diwangun ku 14 pada. Jumlah padalisan diwangun ku 4 nepi ka 8 padalisan, tapi rata-rata diwangun ku opat padalisan (wangun kantétan opat), iwal pupujian ka sapuluh nu judulna *Aqiod Iman* diwangun ku genep padalisan (kantétan genep), pupujian ka-11 (*Sifat*

Rizka Amalia Dwiyanti, 2013

Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan

Bahasa jerman fpbs upi

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Wajib, Mohal, jeung Wenang di Allah), ka-12 (*Sifat Wajib, Mohal, jeung Wenang di Rasul*), ka-13 (*Nabi nu Wajib Dikanyahokeun*), ka-14 (*Malaikat nu Wajib Dikanyahokeun*), kaasup kana wangun kantétan robah. Engang anu kapanggih ti mimiti 4 nepi ka 16 engang.

Basa anu dipaké dina pupujian nya éta basa Sunda jeung campuran (Arab-Sunda). Pupujian di Kampung Manis anu maké basa Sunda nya éta aya 14 judul pupujian, jeung nu maké basa campuran (Arab-Sunda) aya 10 judul pupujian. Jadi lolobana pupujian di Kampung Manis maké basa Sunda.

Eusi pupujian anu diwincik nya éta, nu muji kaagungan Allah aya dua judul pupujian, solawat ka Rasulullah aya sajudul pupujian, du'a jeung tobat ka Allah aya lima judul, ménta safaat ka Rasulullah aya sajudul, nganaséhatan aya opat judul, méré pangajaran agama aya 11 pupujian. Sedengkeun analisis pupujian dumasar kana harti ngawengku kana analisis harti saujratna, rasa, nada jeung itikad.

Pupujian anu fungsina keur nungguan jamaah solat, aya dua judul. Nungguan jamaah pangaosan ibu-ibu aya 11 judul, ngamimitian ngaji barudak aya sajudul, nutup ngaji aya sajudul, Nungguan jamaah pangaosan ibu-ibu ogé ditepikeun waktu barudak nu ngaji diajar tauhid di TPA aya tilu judul. Nepikeun pangajaran agama di TPA aya 6 judul. Dina pupujian anu teu dianalisis aya 24 judul pupujian anu dipakéna waktu nepikeun pangajaran di TPA. Jadi jumlah pupujian lolobana dipaké waktu nepikeun pangajaran di TPA. Pupujian waktu nepikeun pangajaran agama di TPA biasana disebut nadoman.

Tina hasil panalungtikan ieu pupujian bisa dijadikeun wangun bahan pangajaran di SMP kelas VII lantaran matéri pupujian aya dina SKKD Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di kelas VII SMP. Eusi nu aya dina pupujian bisa ngadidik siswa dina ngahadéan aqidah jeung ahlak, lantaran ieu pupujian eusina ngeunaan piwuruk, élmu agama, muji ka Allah jeung ka Rasulna. Ieu pupujian bisa ningkatkeun ibadah siswa sarta basa anu dipaké dina pupujian basajan bisa gampang kacangkem ku murid.

Rizka Amalia Dwiyantri, 2013

Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan

Bahasa jerman fpbs upi

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.2 Saran

Ngayakeun panalungtikan dina karya sastra heubeul wangun pupujian pikeun panalungtik karasa pisan loba mangpaatna, diantarana bisa mikanyaho karya sastra wangun pupujian nu aya diwewengkon sorangan, jeung bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan karya sastra Sunda. Salian ti éta eusi nu aya dina pupujian ogé miboga ajén nu luhur pisan sangkan bisa diamalkeun dina kahirupan sapopoé.

Dumasar kana éta hal aya sababaraha hal nu perlu ditepikeun diantarana, pikeun para siswa jeung mahasiswa kudu apal (diwanohkeun) kana karya sastra Sunda nu salasihijina nya éta pupujian. Sangkan maranéhna apal yén Sunda ogé beunghar ku karya sastrana, satuluyna bisa kagugah rasa pikeun ngariksa éta pupujian. Eusi dina pupujian ogé mangpaat pisan pikeun ngatur kahirupan sangkan leuwih hadé.

Pikeun para guru anu nyepeng studi basa Sunda, dina nepikeun pangajaran, hususna dina pangajaran sastra henteu kawatesanan ngan tina buku pakét waé tapi bisa dirojong ogé ku pangaweruh anu aya di masarakat, misalna nitah siswa néangan pupujian nu aya di lemburna masing-masing, sangkan murid leuwih motékar dina nambahan pangaweruh nu leuwih jembar.

Pikeun masarakat pupujian téh kudu tetep diriksa sangkan teu tumpur ku cara dipaké dina kahirupan sapopoé, misalna dina pupujian rék solat berjamaah, pangaosan ibu-ibu, ngajarkeun pangajaran agama, jeung waktu miéling poé kaagamaan misalna rajaban, mauludan, halal bil halal, jrrd.